



Baze sou konsèy medikal nou resevwa, nou kontan enfòmè ou kòmanse lendi 26 avril 2021, pwotokòl karantèn COVID-19 Distri a pou moun ki idantifye kòm "kontak pwòch" yo ap mete ajou jan sa a:

10 jou Machasuiv Karantèn

- Peryòd 14 jou karantèn nan ap chanje pou 10 jou.
- Moun ki pa gen sentòm ka fini karantèn yo aprè 10 jou, san yo pa teste e retounen nan andwa lekòl/travay la.
- Moun ki an karantèn dwe kontinye kontwòl sentòm yo pou jiska 14 jou aprè yo te ekspoze.
- Si yon moun devlope sentòm, yo dwe imedyatman izole tèt yo epi kontakte founisè swen sante yo.
- Pandan karantèn 10 jou a e aprè yo retounen nan andwa lekòl/travay la, moun yo dwe kontinye suiv tout prekosyon yo tankou mete yon mask, kenbe distans ak lòt moun, lave men epi evite fowl moun.

Machasuiv Karantèn pou Moun ki Pran Vaksen Konplè yo

Elèv ak anplwaye yo ki resevwa vaksen yo konplètman pap bezwen karantèn si yo satisfè TOUT kritè CDC sa yo:

- De (2) semen pase depi:
 - 1) yo resevwa vaksen yon sèl doz la, oubyen
 - 2) dezyèm dòz la si w pran seri 2 dòz la.
- Moun nan dwe rete san sentòm aprè li aktyèl ekspoze a COVID-19 la.
- Moun yo pa abite nan kay an gwoup.

Si yon moun konplètman vaksinen pa satisfè TOUT kritè ki anwo yo, li rekòmande pou li kontinye swiv machasuiv karantèn 10 jou yo.

